


# The American Republic To 1877

## Haitian Creole Summaries





## Premye Ameriken-yo

Depi lontan anvan Ewopeyen-yo te rive nan Amerik Dinò ak Amerik Disid, premye Ameriken-yo te deja mete pye. Gen apeprè 30 000 an de sa, premye imen-yo te kòmanse travèse yon mòso tè ki te rele Bering; mòso tè sa-a te ini Lazi ak Amerik-yo. Jodi-a, mòso tè sa-a anba yon gwo mas dlo yo rele detwa Bering. Pe a pe, nomad sa yo te simaye nan Amerik Dinò ak Amerik Disid; yo te sòti yon kote pou ale yon lòt pou yo te fè lachas pou yo te ka manje; lepli souvan se gwo mamifè yo te chase.

Lè gwo mamifè-yo te disparèt, premye Ameriken-yo te kòmanse chase zannimo ki te pi piti, fè lapèch epi rekòlte gress bwa ak sereyal. Avèk letan, anpil Endyen te vire do bay lachas pou yon te tounen agrikiltè epi yo te plante pwodwi tankou mayi. Chanjman sa-a te lakòz premye popilasyon sa-yo te vin kapab enstale yon kote; yo te fòme kominote estab epi yo te konstwi abitasyon pi dirab. Yo te vin gen pwòp kilti pa yo, yo te kreye fòm gouvènman pi konplèks epi yo tè vin devlope koutim, kwayans ak pwòp metòd pwoteksyon pa-yo.

Kèk gwoup te devlope kilti byen avanse epi yo te tounen gwo sivilizasyon. Premye sivilizasyon sa yo te gen sistèm byen devlope pou ekriti, matematik ak mezi letan. Plizyè milyon moun te fè pati sivilizasyon sa yo ki te dire plizyè santèn ane. Kèk sivilizasyon te konstwi vil, wout ak moniman. Pifò te gen tè kiltivab ki te ase pou bay plizyè milye moun manje. Plizyè gwoup te vin etann anpi-yo nan konkeri lòt epi pran prizonye ke yo te fè tounen esklav. Sivilizasyon sa yo te bay reliyon anpil valè, sa ki te lakòz lidè relijye-yo te gen anpil pouvwa.

Nan peyi Meksik, nan Amerik Santral ak Amerik Disid, sivilizasyon òlmèk ak maya-yo te gen tan konn pi wo degre ak deklen-yo lontan anvan ankenn Ewopeyen te debake. Nan Amerik Dinò, Hohokam, Anasazi ak pèp ki te konstwi timilis-yo te fòme gran sivilizasyon tou; sivilizasyon sa yo te disparèt anvan premye Ewopeyen-yo te debake.

Lè Ewopeyen-yo te debake nan ane 1492, Meksik, Amerik Santral ak Amerik Disid te gen de anpi enpòtan: anpi aztèk-la ak anpi enka-a. Toude te depann de agrikilti pou jwenn pifò manje-yo, epi toude se te anpi ki te gwo epi ki te rich. Nan Amerik Dinò te gen plizyè douzèn soyete endyen. Kèk ladan-yo se te chasè, tankou Inwit-yo, Navajo-yo ak Dakota-yo. Gen lòt ki te pechè, tankou Tlingit-yo ak Nez perce (nen pèse) yo. Gen lòt toujou ki te keyè nomad epi ki te vwyaje sot yon kote pou ale yon lòt; yo te ranmase rasin, gress ak gress bwa, tankou Pomo-yo ak Shoshones-yo. Finalman, te gen pèp agrikòl tou, tankou Hopi-yo, Iwokwa-yo ak Chiwòki-yo. Se pèp sa yo Ewopeyen-yo te rankontre lè yo te kòmanse vwyaj yo a nan direksyon lwès Amerik-yo.



## The American Republic To 1877

### Chapit 2

#### Esplorasyon Amerik-yo

Anvan XIVyèm syèk-la, Ewopeyen oksidental-yo pat preske konn anyen sou monn ki te antoure yo-a. Sepandan, apati XIVyèm syèk-la, yo te kòmanse ap vwayaje pi lwen Lewòp; toudabò yo te ale nan Mwayen Oryan epi nan Azi. Ewopeyen oksidental-yo te vin dekouvrir yo te ka fè lajan nan fè komès ak pèp etranje yo te kontre sou wout-yo. Posibilité pou yo fè komès epi pou yo konkeri nouvo teritwa te vin ankouraje Ewopeyen-yo esplore lemonn. Dezi esplorasyon-an te vin grandi pandan Renesans-la, yon epòk gran kreyativite entelektyèl, syantifik ak atistik pandan XVyèm syèk-la.

Gouvènman-yo, komèsan-yo ak bankye-yo ki t'ap chèche pouvwa ak lajan te vle entansifye komès etranje-an nan fè zafè ak Lafrik. Epi tou yo t'ap chèche jwenn nouvo wout ki t'ap fè yo depanse mwens lajan pou rive Lazi. Grasa pèfeksyònman katografi, enstriman navigasyon-yo ak konstriksyon bato-yo, maren-yo te kapab navege pi lwen epi pi vit. Amelyorasyon sa yo te pèmèt esploratè-yo jwenn nouvo wout.

Pòtigal te kòmanse fè komès ak peyi rich kòt oksidental afriken-yo. Nan ane 1488, se chans ki te fè yon maren pòtigè, Bartolome Diaz, jwenn yon wout nan pwent Afrik-la ki te mennen Loryan. Nan ane 1498, Vasco de Gama te gen tan navege toutotou Afrik-la; li te trase premye wout maritim ant Lewòp ak Lend.

Apre li te fin jwenn espryans nan domèn navigasyon nan men Pòtigè-yo, Kristòf Kolon te resevwa lajan nan men wa ak rèn Lespay pou chèche yon wout ki ale Lazi nan direksyon lwès. Kolon pat janm jwenn wout pou ale Lazi li t'ap chèche-a. Nan plas li, li te jwenn yon nouvo teritwa: Amerik-yo. Apre premye vwayaj sa-a nan ane 1492, Lespay te voye Kolon twa lòt fwa nan Amerik-yo, an 1493, 1498 ak 1502.

Pandan Balboa t'ap vizite Panama an 1513, li te dekouvrir sou lòt bò-a sa yo ta pwal rele Oseyan Pasifik-la. Nan ane 1519, yon lòt esploratè panyòl, Fènan Majelan (Fernando de Magallanes), te deside travèse oseyan sa-a yo te fèk dekouvrir-a avèk entansyon pou li rive jis Lazi. Yo te asasinen Majelan anvan li te reyisi tounen Lewòp. Kèk moun nan ekipaj li yo te reyisi tounen; yo te konsidere-yo kòm premye moun ki te fè tou lemonn sou bato.

Pandan Majelan t'ap fè vwayaj li-a, kolon panyòl-yo te kòmanse esplore Amerik Santral ak Amerik Disid pou yo te sa jwenn lò, lajan ak lòt min richès. An 1519, Hernan Cortes te dekouvrir Aztèk-yo ki te rich, epi finalman li te konkeri-yo pou li te mete lapat sou byen-yo. An 1532, Franswa Piza (Francisco Pizarro) te pran chemen kòt oksidental Amerik Disid-la epi li te rive sou teritwa enka-a. Piza te gen lide pou li mete men sou richès Enka-yo, sa ki te fè li te touye lidè-yo epi li te detwi lame-yo.

Lòt peyi te kòmanse voye esploratè nan Amerik Dinò tou. Kolon panyòl-yo te esplore rejyon sidwès ak sidès-yo. Chasè franse-yo te esplore nò-a. Angle-yo ak Olandè-yo te esplore kòt lès-la ak nodès-la. Kèk esploratè te eseye jwenn yon pasaj nan nodès-la pou rive sou Oseyan Pasifik. Lòt moun te vin reklame tè nan non peyi-yo, epi kèk lòt ankò te vini pou fè lajan nan vann po bèt yo te chase oswa yo te pran nan pyèj. Pou rezon sa-yo ak lòt ankò, Ewopeyen-yo t'ale nan Amerik-yo pou enstale-yo nan nouvo monn sa-a.



## Amerik Kolonyal-la

Langletè ak Lespay se te de peyi rival. Nan XVIyèm syèk-la, wa Lespay nan te deklare Langletè lagè epi li te voye Fòs Naval li a nan batay. Langletè te genyen batay-la epi Lespay te pèdi pifò flòt li-a, ke li te konn itilize pou domine lanmè-yo. Kòm flòt panyòl-la te febli, li pat kapab anpeche lòt peyi navige pou al nan Amerik-yo.

Langletè te kòmanse ap tabli koloni nan Amerik Dinò. Nan ane 1606, apre plizyè tantativ kolonizasyon ki te echwe, li te reyisi tabli yon koloni nan Jamestown, Vijinya (Virginia). Nan kòmansman, kolon-yo te genyen gwo pwoblèm pou yo siviv epi anpil ladan-yo te mouri. Sepandan, Endyen-yo te ede yo. Lè koloni-an te kòmanse ap grandi epi ap vann tabak, kolon-yo te kapab fè lajan epi etann yo.

Nan ane 1620, yon gwoup separatis, oswa moun ki te vle yon libète relijye yo pat sa jwenn nan peyi Langletè, te rive nan Plimout (Plymouth) abò Mayflower-a epi yo te fonde yon nouvo koloni. Kolon-yo te siyen Kontra Mayflower-a, kote yo te etabli pwòp gouvènman kolonyal pa yo. Kontra Mayflower-a te make debi demokrasi nan Lamerik.

Nan ane 1629, poutèt pèsekisyon relijye nan peyi Langletè, Piriten-yo te vini nan Amerik Dinò epi yo te fonde koloni Masachousèt (Massachusetts). Sepandan, de gwoup te vin abandone koloni-a poutèt Piriten-yo pat pèmèt lòt relijyon nan Masachousèt (Massachusetts). Youn nan gwoup sa yo te fonde Konektikèt (Connecticut) epi lòt-la te fonde Wodaylann (Rhode Island). Nan de koloni sa yo te gen plis libète relijye.

Kolon-yo te bezwen etann-yo, epi yo te kòmanse lite kont Endyen-yo pou pran kontwòl tè-yo. Kolon-yo te genyen plizyè nan batay sila-yo epi yon te mete men sou plis teritwa. Langletè te rape tè nan men lòt peyi tou. Koloni olandè ki te pi enpòtan-an, Nouvèl Olann, te sitiye ant koloni angle nò ak sid-yo. Nouvèl Olann te yon koloni pwospè, sa ki te fè Langletè te atake-li epi te mete men sou li; li te chanje non li pou li te rele li Nouyòk (New York) ak Noujèze (New Jersey).

Langletè te fonde nouvo koloni tou. Nan ane 1680, wa Chal te bay Giyóm Penn tè an Amerik. Tè sa yo te tounen koloni Pennsilvani (Pennsylvania). Lord Baltimore te fonde Merilann (Maryland) nan ane 1632 kòm koloni pou Katolik-yo. Yo te kolonize Kawolin (Carolina) ant 1663 ak 1665. Apre sa, te vin gen yon dezakò sou kijan pou yo te divize tè-yo epi sou kijan yo te dwe gouvène koloni-an, sa ki te lakòz yo te divize Kawolin (Carolina) an Kawolin Dinò (North Carolina) ak Kawolin Disid (South Carolina) nan ane 1729. Yo te fonde Jòjya (Georgia), dènye koloni angle-a, nan ane 1733 epi ladan-li yo te jwenn moun pòv ak moun chaje dèt.

Lafrans ak Lespay tou te kontinye esplore Amerik Dinò. Yo te tabli koloni Nouvèl Frans-la nan ane 1663 epi li te etann li nan nò ak lwès koloni britanik-yo. Franse-yo te sitou fè lapèch ak lachas. Koloni-an te kòmanse grandi piti piti. Franse-yo te respekte koutim ak tè Endyen-yo, sa ki te pèmèt-yo viv nan lapè. Nouvèl Espay-la te koutri yon gran pati nan Karayib-la, Amerik Santral-la ak Amerik Disid-la, epitou sidès ak sidwès Amerik Dinò-a. Panyòl-yo te avanse al nan nò tou epi yo te pran yon bon pati Kalifòni (California).



## Koloni-yo pwospere

Pandan koloni angle-yo t'ap pwospere, yo te kòmanse ka wè avantaj chak rejyon te genyen. Koloni Nouvèl Angletè-yo te depann de konstriksyon bato epi de komès avèk Lewòp ak zil Karayib-yo. Koloni santral-yo te gen plis fèm epi yo te fè lajan nan vann sa yo te pwodwi anplis. Koloni sa-yo te gen min tou epi yo te pwodwi fè. Koloni sid-yo ten gen yon tè fètil anpil epi yo te fè pifò pwofitiyo nan fè kilti ki te rantab anpil, tankou tabak, diri ak koton.

Plis imigran ak plis esklav te kotinye ap vini nan koloni-yo toujou. Pifò imigran-yo se te Alman; yo te plis enstale-yo nan koloni santral-yo epi nan Nouvèl Angletè, epi yo te travay nan min fè oubyen yo te mete sou pye pwòp komès pa yo. Plantasyon nan sid-la te vin pwospere poutèt mendèv esklav-yo te bon mache, sa ki te pèmèt mèt plantasyon-yo fè plis lajan ke sa yo ta fè si pou yo te peye yon mendèv pi chè.

Koloni-yo te kòmanse ap pwospere, epi Langletè te vin panse pou li te mete men sou kòb ki te fèt nan koloni li yo. Poutèt sa li te bay akò-li pou Lwa Navigasyon ane 1650 yo, ki te oblige koloni-yo fè komès avèk Langletè sèlman. Lwa sa-a te fè komèsan koloni-yo fache paske yo te vle fè komès ak lòt peyi tou.

Lavi nan koloni-yo te santre sou lafanmi, legliz ak edikasyon. Nan epòk kolonyal-la, lafanmi te yon bagay fondamantal pou pwosperite pifò kòmès ak fèm paske se manm fanmi yo ki te fòme mendèv-la. Relijyon se te rezon prensipal ki fè yo te fonde kèk koloni. Nan ane 1730 ak 1740-yo, pastè-yo te ankouraje kolon-yo pou yon konsantre sou relijyon, epi nan koloni-yo vin genyen yon revèy relijye yo rele Gran Revèy. Kanta pou edikasyon, koloni-yo te vin konstwi lekòl ak inivèsite. Nan Nouvèl Angletè, 70 poustan kolon-yo te konn li ak ekri grasa sistèm edikatif-la.

Lafrans ak Langletè te nasyon enmi depi plizyè ane. Nan XVIIIyèm syèk-la yo te retounen batay nan Amerik Dinò nan Gè Franse ak Endyen-yo. Toude peyi-yo t'ap batay pou yo te sa jwenn dwa fè lachas nan vale Rivyè Owayo-a (Ohio River). Kòm Franse-yo te genyen plizyè alye pamì Endyen-yo, yo te genyen premye batay-yo. Pandan lagè-a t'ap etann-li nan Amerik Dinò, Lafrans, Langletè ak Lespay t'ap batay nan Lewòp. Finalman, Langletè te genyen ni nan Lewòp ni nan Lamerik Dinò.

Lagè Franse ak Endyen-yo te afekte koloni twa peyi sa yo. Lafrans te kenbe Kanada ak kèk zil nan Karayib-la, men li te vin pèdi vale Rivyè Owayo-a (Ohio River). Yo te vin pataje Amerik Dinò ant Langletè ak Lespay. Tout tè alès Rivyè Misisipi-a (Mississippi River) te vin rete anba pouvwa Langletè, alòs ke tè alwès Misisipi-a (Mississippi) te vin pase nan men Lespay.

Lè Lafrans te ratifye trete lapè ki te mete fen nan gè-a, Endyen-yo ki te aji kòm alye-li te siyen lapè ak Langletè tou. Pou evite plis batay, wa Angletè-a te entèdi ankenn nouvo kolonizasyon nan Iwès-la, sa ki te vin fè kèk kolon ki te vle al rete nan rejyon sa-yo fache.

## Wout endepandans-la

Apres Gè Franse ak Endyen-yo, Langletè te enpoze plizyè mezi ki te deplè kolon-yo. An 1763, wa Angletè-a te deside kolon-yo pat kapab enstale-yo alwès Montay Apalach-yo (Appalachian Mountains). Apres sa, li te deside voye sòlda angle pou mentni lapè ak Endyen-yo. Pou met fen nan kontrebann, Langletè te kòmanse anrejistre ki pwopriyete ak ki komès kolon-yo te genyen san li pat bay preyavi. Answit, moun yo te akize nan kontrebann-yo te jije nan yon tribunal san jiri, sa ke anpil kolon te trouve enjis.

Langletè te kòmanse ap pran taks sou koloni-yo tou. An 1765, Lwa sou Tenm-nan te enpoze taks sou preske tout dokiman enprime. An 1767, Lwa Townshend-yo te enpoze yon taks sou tout pwodwi yo te voye nan koloni-yo. Taks sa-yo te mete kolon-yo an kolè paske yo te pase lwa sou taks-yo san koloni-yo pat gen reprezantasyon. Kòm konsekans, kolon-yo kòmanse bòykote pwodwi angle-yo.

Langletè, ki te pè pou koloni li yo pat fè rebelyon, te voye twoup nan Boston. Tansyon ant Kaskèt Wouj angle-yo ak kolon-yo vin monte pi rèd. Yon jou, kèk sòlda ke plizyè moun Boston t'ap anmède, te kòmanse tire sou moun-yo epi te touye senk kolon. Yo te rele evènman sa-a Masak Boston-an epi kolon-yo te sèvi avèk-li pou ini koloni-yo kont Langletè.

Nan ane 1773, Langletè te bay akò-li pou Lwa sou Te-a, ki te bay yon konpayi avantaj enjis sou lòt yo pou li te vann te-li. Bagay sa-a te fache kolon-yo, ki te deside anpeche konpayi sa-a pote plis te. Nan Boston, Pitit Libète-yo, yon gwoup kolon rebèl, te atake youn nan plizyè bato konpayi-an epi yo te jete te-a nan dlo. Yo te vin rele ensidan sa-a "Fèt Te Boston" an. Langletè te deside pini vil Boston-an jiskaske li te peye valè te ki te pèdi-a. Twoup angle te debake nan vil-la epi yo te anpeche komès ak reyinyon minisipal.

Sepandan, mezi Langletè te pran yo te sèvi sèlman pou ini koloni-yo pi plis. Nan ane 1774, koloni-yo te fòme Premye Kongrè Kontinental-la. Delege-yo te ekri yon deklarasyon plent, yo te vote anfavè bòykòt tout pwodwi angle-yo epi yo te pran rezolisyon kreye yon milis lokal. Pandan Ameriken Dinò-yo t'ap prepare-yo pou lagè, Langletè te kontinye ap voye sòlda. Lè twoup li yo te pran wout Konkòd (Concorde), nan Masachousèt (Massachusetts), pou pran zam ak minisyon kolon-yo, milisyen-yo te atake-yo nan Leksington (Lexington) ak Konkòd (Concorde). Se te debi Revolisyon Ameriken-an.

Nan ane 1775, Dezyèm Kongrè Kontinental-la te reyini; li te mete sou pye yon nouvo gouvènman kolonyal, yon nouvo lajan epi nouvo biwo lapòs; li te nonmen anbasadè epi li te prepare fòmasyon yon lame. Kongrè-a te voye Petisyon Ramo Olivye-a bay wa Jòj III; yo te mande pou yo te fè lapè epi pou wa-a te respekte dwa kolon-yo. Langletè pat okipe petisyon-an epi li te voye plis twoup toujou. George Washington te mete-li nan tèt lame kontinental-la ki te kòmanse batay kont twoup Angletè-yo.

Nan mwa avril 1776, Kongrè-a te deside koupe tout lyen ak Langletè epi li te deklare endepandans. Thomas Jefferson te ekri Deklarasyon Endepandans-la, ki te pwoklame nesans Lèzetzazini Damerik. Yo te siyen epi apwouve deklarasyon sa-a nan dat 4 jiyè 1776.



## Revolisyon ameriken-an

Lè li te resevwa Deklarasyon Endepandans koloni-yo nan ane 1776, Langletè te voye 32 000 twoup Ozetazini pou met fen nan rebelyon-an. Jeneral George Washington te atake Angle-yo nan Longaylann (Long Island) avèk 20 000 sòlda sèlmnan. Yo te mete Ameriken-yo an dewout, sa ki te oblige-yo kase tèt tounen. Sepandan, nan mwa desanm 1776 twoup Washington-yo te lanse yon atak pa sipriz kont Angle-yo nan Noujèze (New Jersey), epi te fòse-yo retire kòyo.

Nan ane 1777, Angle-yo te pran Filadèlfia. Apre yo te fin pase ivè-a la, yo te kontinye maché nan direksyon Nouvèl Angletè. Apre yo te mete yo an dwout nan Albani (Albany), nan Nouyòk (New York), yo te atake Vèmon (Vermont). Yo pat jwenn sikssè la nonplis donk yo te ale Saratoga, nan Nouyòk (New York), kote Patriyòt-yo te fòse-yo soumèt tèt-yo.

Apre viktwa sa-a, Lafrans te tounen alye Lèzetazini epi li te voye kòb, pwovizyon ak twoup bay Patriyòt-yo. Malgre Lespay pat yon alye, li te deklare lagè bay Langletè, sa ki te oblige Angletè divize fòs-li pou li te kapab alafwa mete fen nan rebelyon ameriken-an nan koloni-yo epi defann tèt-li kont atak panyòl-yo.

Men Angle-yo te kontinye ap lite. Nan lwès-la yo te met ansanm ak plizyè Endyen, ki te kòmanse ap atake abitasyon ameriken-yo. Sou kòt lès-la, marin angle-a te bloke pò ameriken-yo pou anpeche koloni-yo fè komès epi resevwa èd nan men lòt peyi. Pou anpeche blokis sa-a, Patriyòt-yo te anplwaye plis pase 1000 kòsè pou atake marin angle-a.

Nan ane 1778, Langletè te kòmanse konsantre sou sid-la, kote anpil Lwayalis te rete. Angle-yo te pran anpil vil maritim enpòtan epi yo te ranpòte viktwa nan plizyè batay. Sepandan, yo te pèdi plizyè moun tou. Jeneral Cornwell ak Angle-yo te rete ap tann lòd nan men Yorktown, nan Vijinya (Virginia).

Pandan Angle-yo t'ap tann, Ameriken-yo te kontinye ap resevwa plis twoup toujou nan men Lafrans. George Washington te deside sèvi avèk èd sa-a pou dewoute Angle-yo. Washington te panse li te ka bat Cornwell pa sipriz; poutèt sa li te dirije twoup li yo nan sid-la; li te reyini ak lòt gwoup lame kontinantal-la ak marin franse-a epi li te pran tèt yon atak pa sipriz kont Yorktown.

Ameriken ak Franse-yo te gen plis sòlda pase Angle-yo, sa ki te lakòz Cornwell te oblige soumèt tèt-li. Malgre te vin gen lòt batay apre dewout Yorktown nan, Angle-yo te deside lagè-a te vin koute-yo twòp. Nan mwa septanm 1783 yo te reyini nan Pari avèk divès delege ameriken pou met fen nan gè-a epi siyen Trete Pari-a. Nan trete sa-a, Lespay te pwomèt retire twoup li yo Ozetazini epi fè lapè ak Lafrans, Lespay ak Lawolann. Etazini te pran endepandans-li.



## Yon inyon pi pafè

Nan ane 1776, trèz eta-yo te endepandan youn de lòt epi yo chak te genyen gouvènman pa yo. Nan Dezyèm Kongrè Kontinantal-la, nan ane 1777, eta-yo vin dakò pou yon tounen yon republik, sa ki vle di yon nasyon ke reprezantan yo eli ap dirije. Kongrè-a te redije Atik Konfederasyon-yo, ki vin kreye Konfederasyon Kongrè-a kòm gouvènman santral; men pifò pouvwa-yo te kontinye nan men diferan eta yo. Konfederasyon Kongrè-a vin tounen ofisyèlman Lèzetazini nan mwa mas 1781, apre trèz eta-yo te fin asepte Atik-yo.

Apre li fin genyen gè endepandans-la nan ane 1783, Konfederasyon-an te kòmanse reflechi pou li fè nouvo eta nan Iwès-la pase anba otorite li. Kongrè-a te kòmanse ap vann tè nan Iwès-la an 1785. Plis popilasyon-an t'ap vin pi gwo, plis kolon-yo te bezwen fòme nouvo eta. Nan ane 1787 Kongrè-a te asepte Òdonans Nòdwès-la, ki te mete sou pye senten règ pou kreyasyon nouvo eta; Òdonans-lan te proteje dwa kolon-yo epi li te entèdi lesklavaj sou nouvo teritwa-yo.

Sepandan, nouvo Konfederasyon-an te chaje ak pwoblèm. Lajan eta-yo te vin desann epi te vin pèdi preske tout valè-li. Kongrè-a pat ka fòse sitwayen-yo peye taks pou peye dèt lagè-a. Konfederasyon-an te gen pwoblèm tou avèk Langletè ak Lespay. Langletè te entèdi Lèzetazini fè komès ak Antiy-yo epi ak lòt mache. Lespay, kote pa-li, t'ap sèvi ak pouvwa-li sou rivyè Misisipi-a pou anpeche Lèzetazini etann li nan Iwès-la ak komès sou rivyè-a. Eta-yo te bezwen yon gouvènman santral pi solid pou okipe pwoblèm sa yo.

Nan ane 1786, Aleksann Amiltonn (Alexander Hamilton) mande pou yo fè yon reyinyon pou diskite keksyon komès-la epi chanje Atik Konfederasyon-yo. Nan mwad me 1787, delege tout eta-yo te vin reyini. Delege eta Vijinya-a te pwopoze pou yo nonmen yon chèf ekzekitif, epi pou yo mete an plas yon sistèm jidisyè ak de chanm lejislatif. Nan tou de chanm lejislatif-yo, kantite reprezantan chak eta ta va depann de kantite moun ki rete nan eta sa-a. Sepandan, ti eta-yo te pito limite pouvwa eta ki pi gwo-yo donk yo pwopoze pou chak eta ta genyen yon sèl reprezantan. Alafen, delege-yo vin jwenn yon antant: nan youn nan chanm-yo, kantite reprezantan-an t'ap baze sou popilasyon chak eta; nan lòt-la chak eta t'ap gen de vòt.

Konstitisyon-an te divize pouvwa-yo ant gouvènman federal-la ak gouvènman eta-yo. Gouvènman federal-la te responsab fikse enpo, kontwole komès-la, enprime lajan, okipe-li de lame-a, deklare lagè epi bay apwobasyon-li pou lwa-yo. Eta-yo te kapab apwouve pwòp lwa pa-yo, kontwole komès enteryè eta-a, fikse enpo, konstwi wout epi mete sou pye gouvènman ak lekòl lokal. Pou mete fen nan diskisyon sou divizyon pouvwa-yo, yo te mete sou pye tribunal federal-yo, epi Konstitisyon-an te tounen otorite suprèm-nan. Yo fin redije Konstitisyon-an nan mwa Septanm 1787, men nèf nan trèz eta-yo te gen pou apwouve-li avan li te kapab antre an vigè. Malgré tout moun pat dakò avèk li, finalman tout trèz eta-yo te ratifye Konstitisyon-an nan mwad me 1790. Sepandan, kèk ladan-yo fè-li sèlman anba kondisyon pou yo vin ajoute apre yon Deklarasyon Dwa.



## Manyèl sitwayen-an

Konstitisyon-an bay definisyon fonksyonman gouvènman Etazini-an. Nan preyanbil-li, li mete aksan sou prensip de baz gouvènman ameriken-an: dwa pèp-la pou li dirije tèt-li. Epi tou li bay sis objektif fondamantal gouvènman-an: sèvi kòm yon sèl nasyon ki ini, bay jistis, mentni lapè, epi ede sitwayen li yo proteje libète-yo.

Konstitisyon-an te etabli yon gouvènman kote gouvènman federal-la ak gouvènman eta-yo te pataje pouvwa-a. Li te bay gouvènman federal-la ak gouvènman eta-yo senten pouvwa, sa ki te kreye yon separasyon ant pouvwa byen espesifik. Konstitisyon-an te divize pouvwa gouvènman federal-la an twa branch: branch lekislatif-la, branch ekzekitif-la ak branch jidisyè-a. Moun ki te ekri Konstitisyon-an te enkli yon sistèm «pou ak kont», sa ki te pemèt chak branch kontwole pouvwa de lòt yo, yon jan pou ankenn nan branch yo pat ka abize de otorite li.

Branch lekislatif-la, ki vle di Kongrè-a, fòme ak Chanm Repräsentant-yo epi ak Sena-a. Kongrè-a gen de wòl prensipal : apwouve lwa-yo epi kontwole depans gouvènman-an. Branch ekzekitif-la mete an pratik lwa Kongrè-a apwouve. Manm pi enpòtan branch ekzekitif-la se prezidan-an. Prezidan-an sèvi kòm chèf diplomasi ak fòs ame-yo, epi li reprezante Lèzetazini devan lemonn. Branch jidisyè-a se rezo tribal-yo; gen tribal distrik epi kou dapèl, epi gen yon Kou Siprèm. Nan tribal sa-yo yo jije ka federal, yo rezoud dezakò epi yo entèprete lwa-yo. Kou Siprèm nan gen dwa sèvi anplis ak rekou enkonstitisyonel, ki pèmèt-li deside si yon lwa oswa yon mezi gouvènman-an pran enkonstitisyonèl. Si li panse yon lwa oswa yon mezi enkonstitisyonèl, Kou Siprèm nan gen dwa anile-li.

Otè Konstitisyon-an te fè yon jan pou yo ka amande Konstitisyon-an. Sepandan, se yon pwosesis ki konplike. Jiska jodi-a, se vennsèt amannman yo fè sèlman. Sepandan, si Kongrè-a bezwen chanje Konstitisyon-an yon jan, li gen dwa pou li ajoute yon amannman. Dis premye amannman-yo rele Deklarasyon Dwa (Bill of Rights) epi yo proteje libète ak dwa de baz tout Ameriken. Pami amannman-yo, gen youn ki entèdi lesklavaj, youn ki bay fanm dwa vote epi youn ki chanje laj dwa vòt-la pou dizwit an.

Konstitisyon-an pwoteje twa kategori dwa: dwa pou yo jije moun kòm sa dwa devan lalwa; dwa pou yo proteje yon moun san patipri devan lalwa; epi dwa de baz oswa libète ki nan Deklarasyon Dwa-a. Men dwa Ameriken-yo gen limit. Ameriken-yo gen anpil devwa ak responsabilite tou. Pami devwa Ameriken-yo, yo gen pou yo respekte lalwa, peye taks, defann nasyon-an epi fè pati yon jiri. Kèk nan responsabilite-yo se vote, rete okouran de sa gouvènman ap fè epi respekte dwa lòt moun.



## Yon Nouvo Nasyon

Lèzetañini te eli premye prezidan-li, George Washington, epi premye mini-lis, John Adams. Toulède te rantre an fonksyon nan mwa avril 1789. Kongrè-a te kreye Depatman Defans-la, Depatman Trezò-a ak Depatman Deta-a. Sekretè chak depatman sa yo te tounen manm kabinè prezidansyèl-la, ki se yon gwoup konseye prezidan-an.

Nan ane 1789, Kongrè-a te apwouve Lwa Jidisye-a, ki te mete sou pye yon rezo tribinal federal avèk trèz tribinal federal premye enstans epi twa tribinal distrik. Washington te nonmen John Jay prezidan Kou Siprèm nan. An 1791, Kongrè-a te apwouve dis amannman nan Konstitisyon-an (Deklarasyon Dwa-yo) pou pwoteje libète espesifik tout Ameriken.

Pandan epòk inisyal nasyon-an, Lèzetañini te dwe anpil moun ak anpil peyi lajan. Alexander Hamilton te vle peye dèt-yo; poutèt sa li te pwopoze pou yo te kreye yon bank nasyonal, epi pou yo te pran taks sou pwodwi enpòte ak lòt atik, tankou wiski. Kèk agrikiltè ki te fabrike whisky te vin rebele kont taks sa yo epi yo te atake kolektè enpo-yo. Washington te voye lame-a pou kalme Rebelyon Wiski-a; agrikiltè-yo te oblige rezoud pwoblèm-yo nan lapè.

Sou Teritwa Nodès-la, kolon ameriken-yo te kòmanse mete men sou yon seri teritwa yo te fin pwomèt Endyen-yo. Endyen-yo te batay pou teritwa sa yo epi, nan kòmansman, yo te reyisi mete lame ameriken-an an dewout. Sepandan, lè yo te mande pou tout kolon-yo nèt abandone tè-yo, Wachinntonn te voye lame li a ankò. Fwa sa-a Lèzetañini te vin genyen epi te pran tè yo.

Lè plizyè gè vin eklate an Ewòp, Lèzetañini pat ka mete li dakò sou kiyès pou li te ede. Devan dezakò sa-a, Washington te deklare ke peyi-an dwe rete net. Lè Angle-yo kòmanse ap atake bato ameriken-yo, Lèzetañini te siyen yon kontra avèk yo pou anpeche lagè. Yo siyen yon kontra avèk Lespay tou, paske Lespay te pè pou Lèzetañini ak Langletè pat atake anpi li a nan Amerik-yo.

Tou de kontra-yo te bay Lèzetañini pi gran libète ak sekirite. Apre li te fin dirije pandan de manda, Washington te vin pran retrèt li. Federalis-yo te nonmen John Adams (John Adams) kòm kandida a la prezidans, alòs ke demokrat-republik yo te pote apwi-yo bay Thomas Jefferson. Adams te vin genyen grasa sèlman twa vòt anplis epi li te tounen prezidan-an nan ane 1796. Nan epòk sa-a, Konstitisyon-an te bay moun ki te an dezyèm pozisyon-an pòs premye minis-la, ki fè Jefferson te tounen vispresidan, malgre li menm ak Adams te fè pati de pati politik diferan.

Lè Adams te monte sou pouvwa, Lafrans t'ap atake bato ameriken. Lè Lafrans te eseye sèvi ak negosasyon lapè-yo pou pran lajan nan men Lèzetañini, Adams te kòmanse met sou pye marin ameriken-an. Pandan lagè ant Franse-yo ak Ameriken-yo, Kongrè-a, ki te pè espyon etranje, te apwouve Lwa Etranje-a a epi lwa kont Sedisyon-an. Lwa sa yo te limite dwa imigranyo. Kèk eta te panse ke lwa sa yo pat konstitisyònèl epi yo te tabli pwòp lwa deta pa yo pou anile lwa federal sa yo. Ensidan sa-a vin lakòz yon gran dezakò ant gouvènman federal-la ak gouvènman deta-yo.



## Epòk Jefferson nan

Apre eleksyon prezidansyèl 1800 yo, Kongrè-a te vin pote yon amannman nan Konstitisyon-an ki te di konsa fòk kolèj elektoral-la te vote pou prezidan ak pou vis-prezidan separeman. Kandida-yo te ka poze kandidati-yo an gwoup; konsa, se pat de kandida ki te gen plis vòt-yo ke yo te bay pòs-yo dirèkteman.

Yo te eli Thomas Jefferson an 1800. Li te gen nan lide-li pou gouvènman deta-yo te gen anpil pouvwa epi pou gouvènman santral-la te kite sitwayen li yo pran pifò desizyon-yo epi pou li te mete bouch sèlman lè sa te nesèsè. Epitou, li te fè dèt nasyonal-la bese, li te redwi fòs ame-yo, li te diminye depans-yo, li te anile pifò taks-yo epi li te mete fen nan zak federalis-yo ki t'ap menase libète endividylè. Sèl sous pwofit gouvènman-an te genyen se te vant teritwa Iwès-yo epi enpo li te pran sou pwodwi enpòte-yo. Pandan manda Jefferson nan, wòl prensipal gouvènman federal-la se te kolekte enpo, resanse popilasyon-an epi kontwole sistèm lapòs-la.

Kòm Lespay se te mèt tè ki te alwès Misisipi-a, kote ki pi alwès pyonye ameriken-yo te ka rive se te presizeman rivyè sa-a. Men pita, Lespay te vin vann teritwa Lalwizyàn (Louisiana)nan bay Lafrans san pèsonn pat konnen. Jefferson te pè pou Lafrans pat chèche etabli yon anpi nan Amerik Dinò-a donk li te ofri pou li te achte teritwa-a. Lafrans te gen pwoblèm nan Karayib-la epi Langletè t'ap menase fè lagè avèk li; poutèt sa, li te deside vann teritwa Lwizyàn nan (Louisiana) bay Lèzetazini, pou li te sa jwenn lajan pou gè-a. Etazini te double estansyon li-a pou 15 milyon dola. Esploratè te ale nan novo teritwa-a avèk lentansyon konnen novo tè sa-a, pèp-li, vejetasyon-li, zannimo-li ak jeyografi-li.

Lè Langletè ak Lafrans kòmanse fè lagè, gen kèk bato ameriken yo te atake. Pirat afriken Babari -yo te tonbe ap atake bato ameriken-yo jiskaske Jefferson te voye marin nan al bloke pò Tripoli-a. Pita, yo te vin siyen yon kontra pou rezoud pwoblèm nan.

Lè Jefferson te jwenn dezyèm manda li a nan ane 1804, Franse-yo ak Angle-yo te fache kont Lèzetazini poutèt yo te rete net epi poutèt yo te kontinye fè komès ak toulède peyi yo. Lafrans ak Langletè te kòmanse ap atake bato ameriken, sa ki te fè Lèzetazini sispann fè komès avèk yo. Men desizyon sa-a te fè anpil dega nan ekonomi ameriken-an, epi lè James Madison te monte sou pouvwa-a kòm prezidan an 1808, li te mete yon fen nan anbagó komèsyal-la. Sepandan, yo te kontinye atake bato ameriken-yo.

Pyonye-yo te kontinye ap pwale sou teritwa yo te fin pwomèt Endyen-yo. An 1811, William Henry Harrison te atake Shawnee teritwa Indiana-a (Indiana) pou anpeche yo vin gen twòp pouvwa. Shawnee-yo te fòme yon alyans ak Angle-yo. Kòm konsekans atak Langletè-yo kont bato ameriken-yo epi alyans li ak Endyen-yo, Lèzetazini te deklare Langletè lagè nan ane 1812. Alafen gè-a an 1814, pèsonn pat genyen, men relasyon ameriken ak endijèn-yo te vin pi mal.



## Kwasans ak Espansyon

Se jis nan ane 1800 Revolisyon Endistriyèl-la te kòmanse. Revolisyon sa-a te gen pou wè ak envansyon nouvo machin, zouti ak metòd fabrikasyon. Pami nouvo machin sa yo te genyen machin pou netwaye koton-an ak machin a vapè-a. Machin pou netwaye koton-an te pèmèt travay plis koton an menm tan. Mèt plantasyon-yo nan sid-la te kapab koud plis koton donk yo te jwenn plis koton pou yo te vann. Nan izin-yo, pati rechanj nan machin nouvo metòd fabrikasyon-yo te pèmèt pwodwi plis nan mwens tan epi yo te fasilité djòb ranplase pyès ki te kase nan machin yo.

Piti pa piti plis antrepriz te vin ap sèvi ak nouvo avansman teknolojik sa yo. Pou sa, yo te bezwen lajan ke yo te jwenn nan men envestisè rich oswa nan prete lajan labank. Prezidan Madison ak Kongrè-a te mete sou pye yon nouvo bank nasyonal pou fasilité prè-yo epi kreye yon lajan nasyonal.

Plis endistri-a t'ap grandi, plis vil-yo t'ap grandi tou. Vil ki te gen enèji idwolik ak pò komèsyal-yo te grandi rapid rapid. Nan kòmansman, vil ki t'ap grandi sa yo te dezòganize epi danjere, paske espansyon-yo te twò rapid epi abitan-yo te viv pil sou pil twòp. Men lè sitwayen-yo te kòmanse mande pi bon kondisyon devi, vil-yo te vin amelyore.

Ant 1790 ak 1820, popilasyon Lèzetazini te plis pase double; li te soti 4 milyon rive 10 milyon moun. Ameriken-yo te kontinye ap simaye nan nouvo teritwa lwès yo epi popilasyon-an te kontinye ap grandi. Ant 1791 ak 1821 onz nouvo eta vin ajoute kò-yo. Plis kòmès-la ak popilasyon-an t'ap ogmante nan vil-yo, plis moun-yo te vle deplase soti yon kote al nan yon lòt. Pifò vwayaj-yo te fèt abò bato sou rivyè-yo, oubyen nan lanmè. Envansyon bato avapè-a te vin fè li posib pou vwayaje pi vit sou rivyè-yo.

An 1812 ak 1820 pat gen anpil pwoblèm Ozetazini; peyi-a te travèse yon peryòd lapè yo rele Epòk Byennèt. Men seksyonalis, sa vle di preferans pou yon rejyon peyi-a, te vin kòmanse ogmante. Eta-yo te kòmanse ap reflechi sou keksyon tankou lesklavaj, dwa eta-yo, enpo, bank nasyonal-la ak amelyorasyon andedan-yo. Lè nouvo eta vin ap ajoute kò-yo nan peyi-a, Ameriken-yo vin ap diskite si pou yo te lib oswa esklavajis. Pou evite diskisyon, Lèzetazini te eseye gen yon menm kantite eta lib ak eta esklavajis.

An 1820, peyi-a te fè lapè ak Langletè epi ak Lespay. Lèzetazini ak Langletè te finalman trase yon fwontyè ant Lèzetazini ak Kanada, epi yo te limite fòs ame-yo nan zòn frontyè sa-a. Nan sid-la, lame ameriken-an pat byen aji anvè teritwa panyòl Laflorid-la; Lèzetazini, pou rachte tèt-li nan zye Lespay, te bali 5 milyon dola pou Laflorid epi li te ba li tout dwa sou Tekzas (Texas). Lèzetazini akeri tè nan nòdwès la tou, sa ki te fè kounyeya fwontyè li yo te sòti depi nan Atlantik rive nan Pasifik.

Lè pifò Amerik Disid-la te pran endependans-li nan men Lespay an 1824, Lespay te mande èd nan men lòt peyi Lewòp pou repran pouvwa-li. Sepandan, prezidan Monroe te deklare Lèzetazini t'ap kont nouvo koloni nan Lamerik. Deklarasyon sa-a, ke yo mete an pratik jouk kounyeya, vin pran non doktrin Monroe-a, epi li vin limite dominasyon Lewòp nan Amerik-yo



## Epòk Jackson nan

An 1824, Monroe te deside pa pran twazyèm manda-li a. Andrew Jackson te kandida ki te gen plis vòt nan eleksyon-yo, men li pat gen majorite-a. Kongrè-a te gen pou li deside kiyès ki ta pwal prezidan. Clay, ki te prezidan Kongrè-a, te reyisi fè John Quincy Adams genyen. Anpil Ameriken nan nò-a pat renmen politik Adams-nan.

Jackson te prezante li ankò nan eleksyon 1828, apre pati demokrat-republiken an te vin divize an de pati: pati demokrat-la epi pati republiken-an. Li te genyen majorite-a. Jackson te popilè anpil. Pandan manda li-an, yo te etann sifraj-la pou tout sitwayen blan-yo te ka vote, pa mèt plantasyon-yo sèlman. Epi tou li te bay moun ki te apwiye li-yo pòs nan gouvènman-an. Pratik sa-a te rele echanj enflyians.

Kongrè-a te apwouve yon nouvo tarif sou pwodwi enpòte-yo. Eta sid-yo te deklare lwa sa-a te enkonstitisyonèl epi yo te derefize peye tarif-la. Kèk ladan yo te menase pou yo te separe tèt-yo de rès peyi-a. Eta sid-yo te vin dakò peye tarif-la sèlman apre yo te bese-li epi Kongrè-a te pèmèt prezidan-an sèvi ak lafòs pou pran-li.

Kolon-yo te vle gen plis tè kiltivab nan sidès peyi-a; tè sa yo te pou Endyen-yo. Jackson te pote apwi li bay kolon-yo epi, an 1830, yo te apwouve Lwa Ekspilsyon Endyen-yo. Selon lwa sa-a, Endyen-yo ta pwal resevwa kòb pou yo te ka travèse al nan lwès-la. An 1834, yo te kreye Teritwa Endyen an pou mete Endyen-yo. Anpil ladan-yo te rezinyen-yo al nan lwès-la paske yo pat panse yo te gen lòt opsyon. Sepandan, Nasyon Chiwòki-a te mande Jòjya (Georgia) pou li te anile kontra yo te siyen nan ane 1790 yo. Kou Siprèm nan te apwiye Chiwòki-yo, men Jackson pat okipe sa epi li te voye twoup pou fòse Chiròki-yo al nan Teritwa Endyen an. Senten Endyen te fè vyolans pou montre dezakò-yo. Nan Ilinòy (Illinois), Sauk-yo ak Fox-yo te eseye reklame tè-yo, men twoup eta-yo ak twoup federal-yo te fè yo fenmen bouch-yo. Nan Laflorid (Florida), Seminòl-yo, ke yon chèf yo te rele Osceola t'ap dirije, te aplike senten taktik degè. Yo te reyisi kenbe tè-yo, men anpil Seminòl te pèdi lavi-yo.

An 1832 enmi politik Jackson-yo te fè yon konspirasyon pou bat-li nan eleksyon-yo; yo te konvenk Bank Etazini-an pou li mande Jackson renouvre chat-li, paske yo te konnen byen pwòp Jackson pa t'ap janm dakò ak renouvèlman sa-a. Yo te panse mezi sa-a ta pwal deplè sitwayen-yo, men pifò Ameriken nan nò-a te apwouve desizyon Jackson nan, ki remonte sou pouvwa-a an 1832. Apre sa prezidan-an te vin fòse bank sa-a fenmen.

Yo te eli Martin Van Buren kòm prezidan an 1836. Panik 1837 la te pote pwoblèm nan prezidans-li. Valè tè-yo te vin bese, moun t'ap pèdi lajan-yo epi bank-yo te oblige fenmen pandan pri yo menm t'ap pede monte. Van Buren pat reyisi regle sitiyasyon ekonomik-la, sa ki fè an 1840, Whigs-yo te nonmen William Henry Harrison kòm prezidan. Li menm ak John Tyler te genyen eleksyon-yo. Harrison vin mouri sou katriyèm semèn li kòm prezidan epi John Tyler te pran plas-li.

Tyler pat apwiye politik pati li-a, sa ki te vin kreye yon dezakò nan pati-a sou kimoun ki pou te kandida pou eleksyon 1844-yo. Poutèt dezakò sa-a, demokrat James Polk te tounen prezidan peyi-an an 1844.



## Destine Manifès la

Nan kòmansman XIXyèm syèk-la, kat peyi t'ap reklame Teritwa Oregon-an. Avèk letan, Lespay ak Larisi te vin kite zòn nan, men Langletè ak Lèzetazini pat vle renonse. An 1818, yo te vin dakò pou yo okipe teritwa-a a de. Pifò premye kolon-yo se te chasè.

Pita, an 1843, plizyè Ameriken nòdis te vin travèse al Oregon. Kay Ameriken nòdis yo te vin ogmante anpil, men pa sa Angle-yo. Pandan eleksyon 1844-yo, Polk te apwiye reklamasyon Etazini t'ap fè sou Oregon paske anpil Ameriken nòdis t'al rete la. Lè yo te vin nonmen li prezidan, li te siyen yon akò ak Langletè epi li te vin genyen tout teritwa avèk latitud 49° N-la kòm frontyè.

Pandan XIXyèm syèk-la tou, Lespay ak Lèzetazini te reklame Tekzas (Texas). An 1819 yo te siyen yon kontra ki te bay Lespay zòn nan. Apre sa, nan deseni 1820 a, Meksik te pran endepandans-li nan men Lespay. Meksik te vin pèmèt kolon ameriken nòdis-yo antre nan pwovens Tekzas-la (Texas) jiskaske Ameriken nòdis-yo te vin pi plis Meksiken-yo.

Lè gouvènman meksiken-an te kòmanse limite pouvwa pèp Tekzas (Texas) la, moun Tekzas (Texas) yo te fè yon soulèvman epi yon lit ame te kòmanse. Tekzas (Texas) te vin deklare tèt-li yon nasyon endepandan, epi pita, li te mande Lèzetazini pou li anekse tèt-li. Nan kòmansman, Etzaini te refize òf-la paske se ta pwal yon eta esklavajis ki t'ap altere ekilib pouvwa-a ant eta lib ak eta esklavajis yo nan Wachintonn (Washington). An 1845, Tekzas (Texas) te finalman tounen yon eta.

Kòm konsekans dezakò ki te genyen sou keksyon fwontyè-a epi dezi Lèzetazini pou li te pran tout sidwès-la, Lèzetazini ak Meksik te rantre nan lagè an 1846. An 1847, Lèzetazini te gen tan konkeri Meksiko, epi toulède peyi-yo te dakò mete yon fen nan gè-a. Lèzetazini te vin etabli yon nouvo fwontyè sou Rio Grande-a, li te anekse Kalifòni (California) epi li te vin domine tout sidwès-la.

An 1848 ak 1849, preske 10.000 moun te debake Kalifòni (California) pou chèche lajan. Minye-yo te reklame tè-yo nan men sa ki t'ap vini-yo. Moun Kalifòni-yo (California), paske yo pat ka demonstre yo te mèt tè-yo, te oblige abandone-yo. Pifò minye-yo pat jwenn anpil lò. Anpil moun ki te travèse Kalifòni (California) te tou rete, epi yo te tounen agrikiltè, elvè oswa antreprenè. Lè popilasyon li te vin ogmante, Kalifòni te mande epi li te reyisi tounen yon eta an 1850.

Nan deseni 1830 la, Joseph Smith te fonde Legliz Jezikri Sen Dènye Jou-yo, oswa legliz Mòmon-yo. Anpil moun te kont kwayans Mòmon- yo epi te atake-yo. Mòmon-yo te travèse nan lwès-la rive jis Youta (Utah). Nan kòmansman, Youta (Utah) te fè pati Meksik, men apre gè kont Meksik-la li te tounen yon teritwa nò ameriken. Mòmon-yo pat vle tounen yon eta ki fè yo te reziste pandan lontan. Finalman, an 1896, Youta (Utah) te tounen yon eta tou.



## Nò-a ak Sid-la

Nan XIXyèm syèk-la, endistriyalizasyon ak transpò te amelyore. Yo te kapab fabrike plis pwodwi an menm tan. Ant 1825 ak 1860, bato pi rapid, nouvo kanal ak chemennfè te fè yo te kapab tanspòte pwodwi-yo dirèkteman epi rapidman soti nan kòt lès-la rive nan lwès mwayen-an epi tounen. Avèk envansyon telegraf-la ak kòd mòs-la, vil-yo te ka kominike youn ak lòt pi rapid pase anvan.

Nan ane 1830-yo, nouvo envansyon-yo te benefisyé agrikilti tou. Chari ak pwent an asye-a te fè li posib pou laboure tè di sou teren kiltivab. Mwasonèz-la te pèmèt agrikiltè-yo rekòlte ble pi rapid. Batèz-la te separe gress ble-yo ak pay-la rapidman. Envansyon sa yo te pèmèt agrikiltè-yo kiltive plis ble epi fè plis lajan.

Pifò endistri-yo te nan Nò-a. Antrepriz-yo te konstwi faktori nan vil-yo; yo te ofri nouvo djòb. Men pifò faktori-yo pat byen trete travayè-yo. Travayè-yo te fòme sendika pou reklame meyè salè, jou travay ki pi kout epi meyè kondisyon travay. Antrepriz-yo te afronte sendika-yo; yo te voye ale anplwaye ki te fè pati de yo. Sepandan, tribinal-yo te deklare sendika-yo te legal epi antrepriz-yo pat kapab voye anplwaye-yo ale poutèt yo te fè pati sendika-yo.

Vil-yo te vin grandi poutèt travay faktori-yo te ofri. Anpil nan travay sa yo se imigran ki te pran yo; dabitid yo te travay pou mwens kòb. Kòm konsekans bagay sa-a, anpil Ameriken nòdis te kòmanse wè imigran-yo avèk mefyans epi yo te eseye fè lwa pou tounen sitwayen ameriken yo vin pi estrik. Afwo Ameriken-yo ak fanm-yo te sibi diskriminasyon menm jan nan travay-yo. Dabitid, yo te bayo pi move djòb-yo epi yo te peye yo mwens ke nèg blan ki te fè menm travay-la.

An 1850, koton-an te tounen kilti komèsyal prensipal Sid-la. Demann pou koton-an ak envasyon machin pou netwaye koton-an te fè kilti-li vin rantab anpil. Amezi kiltivasyon koton-an t'ap ogmante, agrikiltè-yo te bezwen plis travayè, sa ki te lakòz yo te vin ogmante trafik esklav-la. Nan Sid-la, endistri-a pat devlope. Fèm rich-yo pat vle bay lòt antrepriz-yo lajan, epi anpil moun ki te vle ouvri antrepriz pat gen lajan pou ouvri-yo. Kòm endistri-an pat devlope, yo pat konstwi anpil wout, kanal ak chemennfè, epi vil-yo te grandi mwen rapid.

Nan Sid-la, mèt plantasyon-yo te moun ki te pi rich-yo epi ki te gen plis esklav-yo. Ti pwopriyetè-yo ak agrikiltè riral-yo te genyen pwòp tè kiltivab pa yo, men agrikiltè riral-yo te kiltive sèlman sa yo te bezwen epi yo te pi pòv. Kèk agrikiltè te afème tè-yo pou rekolete zafè pa yo.

Te genyen anpil esklav afwo ameriken tou ki t'ap travay sou plantasyon-yo. Souvan yo te separe de fanmi-yo, yo te viv pil sou pil nan ti kaz epi yo pat gen dwa marye. Lavi esklav-yo te plen mank. Plizyè ladan yo te konvèti nan Krisyanis, ke yo te mele ak kwayans relije afriken-yo. Kèk ladan-yo te eseye rebele, men yo pat janm atenn bi-yo. Lòt te eseye chape al nan Nò-a. Kèk ladan-yo te reyisi, men yo te kenben anpil ladan yo epi yo te pini yo.

Amezi vil prensipal Sid-la t'ap devlope, kèk Afwo Ameriken lib te kreye pwòp kominote pa yo andedan yo. Yo te gen ti komès ak pwòp leglik pa yo. Sepandan, ant 1830 ak 1860, pifò eta-yo te apwouwe lwa ki te limite dwa-yo.

## Epòk refòm nan

Anpil Nòdis te panse libète ak egalite se te dwa tout sitwayen. Moun sa yo te eseye tabli kominote pou reflechi sou kwayans sa yo epi yo te travay anpil pou refòme sosyete-a. Malgre pifò kominote-yo pat dire lontan, anpil refòmatè te kontribye nan chanjman-an. Refòmatè relijye-yo te enspire Dezyèm Gran Revèy-la avèk yon resijans relijye. A chak fwa, plis moun t'al legliz, plis moun te tounen misyonè epi yo te fè pati gwoup refòm sosyal. Youn nan gwoup sa yo se te lig antialkolik-la, ki te bezwen redwi oswa elmine konplètman konsomasyon alkòl-la. Kèk eta te vin pase lwa ki te entèdi alkòl. Yo te anile lwa sa yo byen vit.

Byen bonè, pifò Nòdis -yo te kwè nan valè edikasyon. An 1839, Masachosèt (Massachusetts) te devlope yon bon sistèm eskolè publik. Nan ane 1850-yo, tout eta-yo te dakò pou lekòl-yo te gratis epi pou yo te finanse-yo ak enpo; yo te dakò fòk pwofesè-yo te byen prepare epi fòk edikasyon pou timoun-yo te egzijib. Anpil eta pat mete nòm sa yo an aplikasyon. Epitou, anpil fanm epi Afwo Ameriken-yo pat gen dwa ale nan senten lekòl.

Nan debi epi nan mitan XIXyèm syèk lan, abolisyonis-yo te kòmanse travay pou mete fen nan lesklavaj. Kèk gwoup te vle yo libere Afwo Ameriken-yo epi pou yo te tounen sitwayen nòdis. Yon gwoup te eseye achte esklav epi voye yon nan koloni an Afrik oswa nan Karayib-la, men yo pat gen anpil lajan, donk yo pat jwenn anpil siksè. Malgre yo te libere kèk Afwo Ameriken, pils toujou te rete nan lesklavaj. Eta nòdis-yo te kòmanse ap entendi lesklavaj. Abilisyonis-yo ak Afwo Ameriken lib yo te kreye sosyete antiesklavajis. Yo te eseye enflryanse opinyon publik ameriken-an sou koze lesklavaj-la; yo te mande liberasyon esklav-yo. Yon ti kantite moun nan Sid-la t'ap travay tou pou mete fen nan esklavaj-la.

Anpil moun nan Sid-la te kont abolisyon esklavaj-la, paske ekonomi Sid-la te depann de travay esklav-yo. Kèk Nòdis te kont mouvman sa-a tou paske yo te pè si Afwo Ameriken yo te vin lib yo t'ap tounen yon danje pou lòd sosyal-la. Yo te panse Afwo Ameriken lib-yo ta pwal pran travay-yo nan men-yo.

Kèk fanm ki t'ap lite pou abolisyon-an te kòmase ap reflechi sou pwòp libète pa yo. Yo te vle mete yon fen nan lwa ki te pote diskriminasyon kont fanm epi yo te kòmanse mande pou yo kite yo travay nan pwofesyon yo te bay gason sèlman. Epitou yo te mande dwa vote. Fanm-yo te ranpòte detwa viktwa. Pandan XIXyèm syèk-la, kèk invèsite te kòmanse asepte fanm epi yo te vin ouvri lòt espesyalman pou fanm-yo. Epitou yo te chanje lwa sou divòs-yo pou yo te ka pi jis anvè fanm-yo, epi kèk fanm te kòmanse jwenn travay ke se gason sèlman ki te konn fè anvan.



## Wout Gè Sivil-la

An 1820, apre Konpwomi Missouri-an, te gen menm kantite eta lib ak eta esklavajis Ozetazini. Sepandan, nan ane 1840-yo, dezakò te rekòmanse. Yo te admèt Tekzas (Texas) kòm eta esklavajis, men Etazini te vin jwenn plis teritwa apre gè kont Meksik-la. Sidis-yo te pè pou Kalifoni (California), Nouvo Meksik (New Mexico), Oregon ak Youta (Utah) pat tounen eta lib. Plizyè eta nan Sid-la vin menase pou yo separe tèt-yo de rès Etazini-an. Kongrè vin ap fè deba pou li te deside si pou li te pèmèt esklavaj sou nouvo teritwa-yo. Finalman, yo te vin siyen Konpromi 1850-la pou mentni lapè.

Nan ane 1850 yo, Kansas ak Nebraska te mande pou yo tounen eta. Konpromi Missouri-an (Missouri Compromise) te etabli pou toude tounen eta lib, sa ki te vin fè Sidis-yo fache. Nan ane 1854, youn nan moun Kongrè-yo, Stephen Douglas te vini avèk yon lòt ide: li te vle pou nouvo eta-yo òganize yon referandòm pou deside yo menm si yo te vle lib oswa esklavajis. Ni Nò-a ni Sid-la te tonbe voye moun nan teritwa sa yo pou al vote. Nan Kansas te gen sèlman 1.500 votè ki t'ap viv-la, men plis pase 6.000 moun te vote nan referandòm nan. Apre eleksyon-yo, vyolans te pete epi de gouvènman te vin fòme. Apre pase plis 200 te mouri, yo te voye twooup lame-a pou retabli lapè.

An 1857, yon esklav yo te rele Dred Scott te mande yon pwosè pou egzije pwòp libète-li; li te deklare ke li te yon moun lib paske li te viv nan de eta lib avèk mèt-li. Kou Siprèm nan, sepandan, te deklare se yon pwopriye li te ye, ke yon esklav te rete kote pou l'te rete. Kòm li te yon esklav, li pat yon sitwayen ameriken, li pat gen dwa fè ankenn demann jidisyè. Kou Siprèm nan te deklare tou ke limit Kongrè-a te etabli sou lesklavaj-la pat konstitisyonèl. Toude desizyon-yo te enflianse Nò-a epi te vin genyen yon pi gwo tansyon ant Nò-a ak Sid-la.

An 1860, Repiblikan-yo te nonmen Lincoln kòm kandida a la prezidans; Lincoln te kont lesklavaj. Li te genyen eleksyon-yo paske demokrat Nò ak Sid-yo pat ka mete-yo dakò sou yon kandida. An desanm 1860, Kawolin Disid (North Carolina) te vote anfavè pou li separe tèt-li de Inyon-an. Tekzas (Texas), Lalwizyàn (Louisiana), Misisipi (Mississippi), Alabama, Laflorid (Florida) ak Jòjya (Georgia) te vin swiv egzanp li an 1861. Yo te rele tèt-yo Eta Konfedere Amerik-la epi yo te eli Jefferson Davis kòm prezidan-yo.

Lè Lincoln te Monte sou pouvwa-a an 1861, li te eseye konvenk Sid-la pou li rete nan Inyon-an. Epitou li te byen esplike-yo ke separe tèt-yo pat menm yon opsyon. Sepandan, sòlda konfedere-yo te kòmanse ap revandike fò nan Sid-la ki te pou Lèzetazini. Lè Lincoln te eseye voye gason san zam al pote pwovizyon nan Fò Sumter nan Kawolin Disid (South Carolina), Konfedere-yo te atake-yo anvan yo te reyisi pote pwovizyon-yo. Apre 33 zè batay, apre pèson pat mouri nan ankenn nan gwoup-yo, Fò Sumter te soumèt tèt li. Gè Sivil-la te kòmanse.



## The American Republic To 1877

### Chapit 16

#### Gè Sivil-la

Apre li te pèdi Fò Sumter devan Sid-la, Lincoln te deside atake. Kòm konsekans, kat lòt eta, Vijinya (Virginia), Kawolin Dinò (North Carolina), Tenesi (Tennessee) ak Akansas (Arkansas) t'al jwenn Konfederasyon-an. Kèk moun Sid nan Tenesi (Tennessee) ak Vijinya (Virginia) te kont sesesyon-an. Yo te tabli yon eta endepandan ki te rele West Virginia, ki vin fè pati Inyon-an an 1863.

Nan kòmansman lagè-a, Nò-an te gen yon pi gwo popilasyon, li te pi endistriyalize, li te gen plis rekou, plis lajan epi plis bato. Epitou li te gen pi bon chemennfè epi li te gen lidèchip Lincoln nan. Sid-la te konte sou apwi pèp-la; li te konn teritwa li byen epi li te gen pi bon jeneral.

Prensipal dezavantaj Nò-a se te obligasyon li te genyen pou li te anvayi yon teritwa li pat konnen, ki te plen ak moun ki te kont li. Sid-la te gen mwens sòlda, li te mwen endistriyalize epi rezo transpò li a pat bon menm. Anplis, nan Sid-la pouvwa te nan men eta byen espesifik, ki fè yo pat genyen yon gouvnènman santral solid.

Objektif Nò-a se te fè Sid-la tounen nan Inyon-an. Pita, li t'ap goumen tou pou met fen nan lesklavaj. Objektif Sid-la se te tounen yon nasyon endepandan. Ankenn nan de gwoup yo pat atann yo aske gè-a dire anpil tan.

Nan premye faz gè-a sa te byen pase pou lame Sid-la. Grasa lidèchip Jeneral Robert E. Lee epi paske pat gen yon jeneral solid nan Nò-a, Sid-la te genyen anpil batay. Nò-a, bò kote pa li, te fè apèl a fòs naval li-a. Li te bloke pò sid-yo, sa ki te redwi komès Sid-la de detyè. Afwo Ameriken-yo te vle batay an favè Nò-a. Nan kòmansman, se nan fòs naval-la sèlman yo te ka rantré, men piti pa piti lame-a te kòmanse asepte sòlda nwa ameriken. Lè lagè-a te fini, 2.1 milyon nèg te sèvi nan lame Inyon-an , pamí-yo 200.000 te afwo ameriken. Nan Sid-la, 850.000 sòlda te sèvi nan lame konfedere-a.

Inyon-an te deklare ke se keksyon esklavaj-la ki te ankouraje Sid-la fè lagè, sa ki te fè Kongrè-a pase nouvo lwa an 1861 ak 1862 pou libere esklav-yo. An 1863, Lincoln te siyen Pwoklamasyon Emansipasyon-an pou mete fen nan lesklavaj. An 1865, Kongrè-a te ratifye Trèzyèm Amannman-an ki te aboli lesklavaj Ozetazini. Gè-a te afekte ekonomi ni Nò-a ni Sid-la; yo te oblige prete lajan epi ogmante enpo-yo. Lagè-a te detwi Sid-la.

Finalman, de bagay te kontribye nan viktwa Nò-a. Yo te mete Sid-la an dewout nan batay Gettysburg la an 1863; li te pèdi mwatye sòlda-li, sa ki te vin afebli lame konfedere-a anpil. Apre sa, an 1864, Nò-a te mete Ulysses S. Grant nan tèt Lame Potomac la. Anba kòmannman Grant, lame-a te atake Sid-la yon lòt fwa. Li te pèdi anpil sòlda, men atak repete li yo te fini pa bat Sid-la. Jeneral Lee te rann tèt-li an avril 1865.

Nan Gè Sivil-la, plis pase 500 000 sòlda te mouri. Konfli-an te koute plizyè milye milyon dola, sitou pou Sid-la, men yo te sove Inyon-an epi plizyè milyon esklav vin jwenn libète.



## Rekonstriksyon-an ak konsekans-li

Apre Gè Sivil-la, Sid-la te bezwen refè de lit-la epi reyini-li ak Nò-a. Yo te rele pwosesis sa-a Rekonstriksyon. Kongrè-a ak Lincoln pat ka mete yo dakò sou kijan pou yo te mennen Rekonstriksyon-an, epi anvan yo te resi jwenn yon antant, yo te asasinen Lincoln. Andrew Johnson te tounen nouvo prezidan-an epi deba sou Rekonstriksyon-an te rekòmanse. Sepandan, Kongrè-a pat renmen plan Johnson nan nonplis.

Kongrè-a te vle yon plan Rekonstriksyon estrik. Akòz yon seri nouvo lwa pou nwa-yo nan Sid-la, yo te kontinye trete anpil Afwo Ameriken tankou esklav. Kongrè-a te vle rekonstwi Sid-la epi amelyore tretman Afwo Ameriken-yo t'ap resevwa. Li te apwouve nouvo lwa ki te bay tout Afwo Ameriken-yo nasyonalite-a epi ki te pini tout moun ki t'ap fè abi sou yo. Kongrè-a te ratifye tou katòzyèm amannman-an an 1868, ki te di tout moun ki fèt Ozetazini se sitwayen ameriken; sa te enkli pitit ansyen esklav-yo.

An 1867 Kongrè-a te reprezante eta Nò yo sèlman. Nan menm ane sa-a, li te apwouve Premye ak Dezyèm Lwa Rekonstriksyon-an. Lwa sa yo te dekri kisa pou eta Sid-yo te fè pou refè pati Inyon-an. Kongrè-a te fòse eta Sid-yo kreye nouvo konstitisyon epi bay moun nwa-yo dwa vòt nan eleksyon deta-yo. Epitou, fonksyonè konfedere-yo te oblige retire kò-yo nan politik eta sa-yo. Lè Ulysses S. Grant te tounen prezidan an 1868, Tegzas (Texas) ak Misisipi (Mississippi) te sèl eta ki pot ko tounen nan Inyon-an. An 1870, Kongrè-a te apwouve kenzyèm amannman-an, ki te bay Afwo Ameriken-yo dwa pou yo vote.

Anpil Nòdis ak Afwo Ameriken te repiblikan. Majorite blan nan Sid-la te demokrat. Paske pifò manm Kongrè-a te repiblikan, yo te apwouve lwa ki, nan kòmansman, te anpeche demokrat Sid-yo vin gen pouvwa politik. Kòm konsekans, Afwo Ameriken-yo, repiblikan blan-yo ak blan Nò-yo ki te deplase al nan Sid-la, te domine panorama politik eta Sid-yo pandan Rekonstriksyon-an.

An 1876 apwi Nò-a t'ap bay Rekonstriksyon-an te bese, epi demokrat nan Sid-la te retounen pran anpil pòs politik. Yo te reyisi anpeche Afwo Ameriken-yo vote; Afwo Ameriken yo te santi yo pè, yo te oblige peye yon enpo elektoral malgre yo pat gen anpil lajan epi yo te oblige pase yon tès alfabetizasyon ke blan yo pat gen pou pran. Pifò blan nan Sid-la pat vle bay Afwo Ameriken yo plis dwa, epi yo pat bay-yo travay ni yo pat prete-yo lajan. Ti gwooup blan te fòme sosyete sekèr pou asasinen epi menase Afwo Ameriken-yo. Epitou yo te konswti lekòl kote te gen segregasyon rasyal pou separe blan-yo ak nwa-yo.

An 1876, Rutherford B. Hayes te tounen prezidan. Li te pèdi vòt popilè-a men li te genyen vòt elektoral-la. Demokrat-yo te panse ke li pat dwe genyen, men yo te vin dakò apwiye-li sou kondisyon pou li te retire tout twoup li yo nan Sid-la epi pou yo te bay eta Sid-yo plis èd federal. Akò sa-a te mete fen nan Rekonstriksyon-an. Sid-la te eseye vin pi endistriyalize pou restriktire ekonomi-li. Men ekonomi li-an te ret pòv malgre tout avansman nan endistri, fabrikasyon ak agrikilti.



## Refòm Nasyon-an

Apre Gè Sivil-la, Lèzetazini te konsantre efò-li sou elaji fwontyè-li. Moun te kòmanse tabli rive andeyò tè ki te sou fwontyè Lwès-la. Dekouvèt lò an 1858 te lakòz Kolorado (Colorado) ak Nevada te vin peple byen rapid. Apeprè nan menm epòk sa-a, Kongrè-a te apwouwe Lwa Pwoteksyon Tè Kolonizasyon yo, ki te ankouraje kolon-yo travèse al nan Gran Plenn-yo pou tounen fèmye. Pa twò lontan apre sa, chemennfè te rive jis nan oseyan Pasifik-la; sa te pèmèt fèmyè ak minè-yo regle zafè-yo. Kèk gwoup endyen ki te rete nan Lwès-la te eseye opoze-yo ak tout chanjman sa yo.

Nan fen XIXyèm syèk-la, endistri ameriken-an te grandi grasa yon avansman konsiderab nan envansyon. Endistri-a te grandi epi, menm jan-an tou, ekonomi-an ak sektè petwòl ak asye-a. Travayè-yo te deplase rapid pou al lavil pou chèche travay nan izin, sa ki te fè vil-yo te tounen avèk letan kote ki te gen twòp moun.

Yon gwoup refòmatè politik, ke yo te rele pwogresis, te panse chanjman ekonomik ak sosyal akselere sa-a te transfòme sosyete-a yon jan ki te fè l' vin kowonpi epi dezòganize. Pwogresis-yo te eseye nouvo sistèm gouvènman minisipal, ke Lwa Antimonopòl Sherman-nan te apwiye an 1890, epi yo te kòmanse fè refòm nan sitèm elektoral-la. Nan debi XXyèm syèk-la, premye prezidan pwogresis-la, Theodore Roosevelt, te mennen aksyon kont antrepriz ki te febli Lwa Antimonopòl Sherman-nan. Epitou se te yon defansè zele konsèvasyon resous natirèl.

An 1914, yon seri evènman te pwovoke eklatman “Gran Gè” a. Alyans ant plizyè peyi te lakòz yon gè mondyal. Lèzetazini te rete net jis an 1917, ane kote Kongrè-a te deklare lagè bay Lalmay. Lèzetazini te met tèt ansanm ak alye-yo pou lite kont Pwisans Santral-yo. Gè-a te fini yon ane apre.

Nan ane 1920-yo, Ameriken-yo te vle pran plezi-yo. Yon nouvo revolisyon endistriyèl te entwodi nouvo aparèy ki te pèmèt moun ki sèvi avèk-yo pase mwens tan nan fè travay domestik. Telefòn, aspiratè, frijidè ak pwodwi nan bwat te vin popilè anpil. Men se otomobil-la ki te gen yon pi gwo enpak toujou sou sosyete ameriken-an, poutèt li te fasilité deplasman moun pou al an vakans epi li te fè touris grandi yon mannyè espektakilè.



## Kreyasyon yon Nasyon Modèn

Gran Depresyon ane 1930-yo te epòk kriz ekonomik pi gran epi pi devastatè nan istwa Lèzetazini. Plizyè milyon moun te pèdi travay-yo epi anpil chomè te vin pèdi kay-yo tou. Gouvènman-an te eseye ede moun sa-yo; li te bay moun pòv-yo lajan epi li te ofri kay bay moun ki te pèdi travay-yo. Avèk "New Deal" prezidan Franklin Delano Roosevelt-la, yo te fonde yon Kò konsèvasyon sivil ki te ede kreye 2,5 milyon djòb pou jèn gason. Ide Prezidan Roosevelt-yo te ede anpil pandan kèk ane, men an 1937 Lèzetazini te sibi yon lòt deklen ekonomik. Dezyèm Gè Mondyal-la te pete anvan ekonomi ameriken-an te gen tan remonte pant-la.

Nan dat 7 desanm 1941, avyon japonè te atake baz naval Lèzetazini nan Awayi (Hawai). Japon, Lalmay ak Litali te fòme alyans pwisans Aks-la. Kèk jou apre, lè Lèzetazini te antre nan Dezyèm Gè Mondyal-la ki te mete Alye-yo fasafas ak pwisans Aks-la, sa te deja fè dezan depi konfli ame-a te kòmanse. Lèzetazini te alye-li ak Langletè, Lafrans ak Linyon Sovyetik. Afwontman-yo te fèt sitou nan Lewòp epi sou oseyan Pasifik-la. Gè sa-a te gè pi terib nan tout listwa. Yo te kraze anpil vil ewopeyen epi de vil japonè te detwi konplètman ak bonm atomik. Anplis de sa, Alman-yo te konsti wi kan estèminasyon kote yo te asasinen apeprè 6 milyon Jwif. Finalman, nan mwa Dawout 1945, Dezyèm Gè Mondyal-la te fini.

Gè-a te kite plizyè peyi nan yon sitiayson ekonomik difisil. Sepandan, endistri ameriken-an te grandi pandan gè-a poutèt repsons li te dwe bay egzijans degè-yo, sa ki te kreye plizyè pòs travay nan izin-yo. Jis rive ane 1950-yo kèk sitwayen ameriken te vin rich yon fason estwòdinè. Yo te konstri nouvo kay andeyò vil-yo epi te vin gen yon esplozyon to nesans-la. An menm tan, kominate afwo ameriken an, fanm-yo ak lòt gwoup te kòmanse reklame egalite dwa-yo. Apwi prezidan Kennedy ak prezidan Johnson te mennen apwobasyon Lwa Dwa Sivil 1964-la, ki te deklare ke diskriminasyon nan travay te yon bagay ilegal epi ki te entèdi segregasyon. Soti 1964 rive 1973, Lèzetazini te lite kont fòs kominis-yo nan Vyvetnam. Anpil sitwayen ameriken te kont gè sa-a epi yo te òganize plizyè manifestasyon pou pwoteste sou divès kanpis inivèsitè. Pwotestasyon sa-yo te mennen vyalans.

Pi dènyèman, plizyè chanjman politik te mete Lèzetazini aleprèv. An 1974, prezidan Nixon te bay demisyon-li aprè yo te dekovri ki kalite aktivite ilegal li t'ap mennen pandan administrasyon li-a. Yon lòt eskandal prezidansyèl te fèt lè yo te akize Bill Clinton poutèt fo temwányaj pandan manda-li. Nan toude ka-yo, sistèm konstitisyonèl pou oswa kont la te anpeche abi pouvwa. Sitwayen ameriken-yo te kòmanse nouvo syèk-la ak nouvo teknoloji epi yon mache global an pwosperite ki te kontinye pouse ekonomi-an. Nan ane 2001 yon nouvo lit te kòmanse. Yon mwa apre 11 septanm, lè teworis te pran daso kat avyon epi te fè yo esploze sou Tou Jimèl-yo, Pentagon-nan ak yon chan nan Pennsilvani (Pennsylvania), prezidan Bush te kòmanse yon gè kont teworis.